

Sa a se yon tradiksyon Fòm 1095-A IRS epi fòm nan la pou ba ou enfòmasyon sèlman. Se NY State of Health ki bay tradiksyon sa a.

Pati I Enfòmasyon sou Benefisyè a

1 Identifikatè Marketplace	2 Nimewo kontra asirans Marketplace bay	3 Non konpayi ki bay kontra asirans lan
4 Non Benefisyè a	5 SSN Benefisyè a	6 Dat nesans benefisyè a
7 Non madanm/mari benefisyè a	8 SSN madanm/mari benefisyè a	9 Dat nesans madanm/mari benefisyè a
10 Dat kontra asirans lan kòmanse	11 Dat kontra asirans lan fini	12 Adrès nan Ri (ansanm ak nimewo apatman an)
13 Vil oswa vilaj	14 Eta oswa pwovens	15 Peyi ak Kòd Postal oswa kòd postal peyi etranje

Pati II Fanmi ki gen Pwoteksyon an

A. Non Moun ki Gen Pwoteksyon an	B. SSN Moun ki Gen Pwoteksyon an	C. Moun ki Gen Pwoteksyon an Dat Li Fèt	D. Moun ki Gen Pwoteksyon an Dat Kòmansman	E. Dat Finisman pou Moun ki Gen Pwoteksyon an
16				
17				
18				
19				
20				

Pati III Enfòmasyon sou Moun ki nan Kay la

Mwa	A. Kantite Lajan Prim Chak Mwa	B. Kantite Lajan Prim Asirans lan pa Mwa pou Dezyèm Plan Ajan ki Koute Mwen Chè a [Second Lowest Cost Silver Plans (SLCSP)].	C. Peman Kredi Taks Davans pou Prim Asirans pa Mwa
21 Janvye			
22 Fevriye			
23 Mas			
24 Avril			
25 Me			
26 Jwen			
27 Jiyè			
28 Out			
29 Septanm			
30 Oktòb			
31 Novanm			
32 Desanm			
33 Total Anyèl yo			

Sa a se yon tradiksyon Fòm 1095-A IRS epi se ba ou enfòmasyon sèlman. Se NY State of Health ki bay tradiksyon sa a.

Eksplikasyon pou Benefisyè a

Ou te resevwa Fòm 1095-A sa a paske oumenm oswa yon manm fanmi ou te antre nan pwoteksyon asirans sante avèk Mache Asirans Sante (Health Insurance Marketplace). Fòm 1095-A sa a bay enfòmasyon ou bezwen pou ranpli Fòm 8962, Kredi Taks sou Prim Asirans (Premium Tax Credit, PTC). **Ou dwe ranpli Fòm 8962 an epi ranpli li avèk deklarasyon taks ou (Fòm 1040, Fòm 1040-SR oswa Fòm 1040-NR) si yo montre nenpòt ki kantite lajan ki egal ak zewo (0) nan Pati III, kolòn C, nan Fòm 1095-A sa a (sa vle di ke ou te resevwa asistans sou prim sou labaz peman davans nan kredi taks sou prim lan (yo rele sa tou peman kredi davans)) oswa si ou vle pran kredi taks sou prim lan.** Egzijans pou depoze aplikasyon an aplikab kèlkeswa si wi oswa non ou ap w ap oblije ranpli yon deklarasyon taks pou nenpòt lòt rezon. Si ou ap ranpli fòm 8962, ou pa kapab ranpli fòm 1040-NR-EZ, Fòm 1040-SS oswa Fòm 1040-PR. Marketplace lan rapòte enfòmasyon sou fòm sa a bay IRS lan tou. Si oumenm oswa manm fanmi ou te antre nan Marketplace la nan plis pase yon kontra plan sante admisib, ou pral resevwa yon Fòm 1095-A pou chak kontra asirans. Tcheke enfòmasyon ki nan fòm sa a avèk anpil atansyon. Tanpri kontakte Marketplace ou si ou gen kesyon konsènan enfòmasyon ki pa kòrèk. Si oumenm oswa manm fanmi ou yo te enskri nan yon plan sante pou sityasyon katastwofik Marketplace oswa yon kontra swen pou dan apa, ou pa gen dwa pran yon kredi taks sou prim pou pwoteksyon sa a lè ou ranpli deklarasyon ou, menm si ou resevwa yon Fòm 1095-A pou pwoteksyon sa a. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ki gen rapò ak Fòm 1095-A, ale nan www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families/Health-Insurance-Marketplace-Statements.

Plis enfòmasyon. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou dispozisyon taks ki nan Lwa sou Swen ki Bon Mache (Affordable Care Act, ACA) an, ki gen ladan dispozisyon responsablite pataje endividyèl yo ak kredi taks sou prim lan, gade www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families oswa rele liy telefòn Swen Sante IRS lan pou kesyon konsènan ACA (800-919-0452).

Pati I. Enfòmasyon sou Benefisyè a, liy 1–15. Pati I rapòte enfòmasyon sou ou, sou konpayi asirans ki te bay kontra asirans ou, ak sou Marketplace kote ou te antre nan pwoteksyon asirans lan.

Liy 1. Liy sa a idantifye eta kote ou te antre nan pwoteksyon asirans lan nan Marketplace.

Liy 2. Liy sa a se kontra asirans Marketplace te bay pou idantifye kontra asirans ou te antre la. Si w ap ranpli Pati 4 Fòm 8962, antre nimewo sa a sou liy 30, 31, 32, oswa 33, kaz a.

Liy 3. Li sa a se non konpayi asirans ki te bay kontra asirans ou.

Liy 4. Ou se benefisyè a paske ou se moun Marketplace te idantifye nan enskripsyon ki espere fè yon deklarasyon taks sou revni, epi ki ta reklame kredi taks pou prim asirans pou ane pwoteksyon an, si ou kalifye.

Liy 5. Se nimewo sekirite sosyal ou. Pou pwoteksyon ou, fòm sa a ka montre kat (4) dènye chif yo sèlman. Men, Marketplace rapòte tout chif nimewo sekirite sosyal ou ba IRS.

Liy 6. N ap antre yon dat nesans si pa gen nimewo sekirite sosyal sou liy 5.

Liy 7, 8, ak 9. N ap antre enfòmasyon sou madanm/mari ou sèlman si peman kredi davans te fèt pou pwoteksyon asirans ou. N ap antre dat ou fèt sou liy 9 sèlman si liy 8 la vid.

Liy 10 ak 11. Liy sa yo se dat kontra asirans lan kòmanse ak dat li fini.

Liy 12 jiska 15. Nou antre adrès ou sou liy sa yo.

Pati II. Fanmi Pwoteksyon an, liy 16–20. Pati II rapòte enfòmasyon sou chak moun ki gen pwoteksyon anba kontra asirans ou.

Enfòmasyon sa yo gen ladan non, nimewo sekirite sosyal, dat nesans (sèlman si pa gen nimewo sekirite sosyal ki antre nan kolòn B), epi dat pwoteksyon asirans lan kòmanse ak dat li fini pou chak moun ki pwoteje nan kontra a.

Nan enskripsyon an, si ou te konfime avèk Marketplace pou fè yo konnen youn oswa plis moun ki te antre nan plan an pa moun ou gen entansyon reklame yon dediksyon nan egzansyon pèsònèl sou fòm deklarasyon taks sou revni ou, epi si te gen peman kredi davans ki te fèt, lè sa a enfòmasyon ki rapòte sou Fòm 1095-A ap aplike sèlman pou moun ou te konfime entansyon ou pou reklame yon dediksyon egzansyon pèsònèl (oumenm, madanm/mari ou, ak depandan ou yo). Pa egzansyon an si ou te fè Marketplace konnen youn moun ki antre nan kontra asirans lan se pitit adilt ou epi ou p ap reklame yon dediksyon pèsònèl nan egzansyon pou li, timoun sa a ap resevwa yon Fòm 1095-A apa epi nou p ap endike li nan Pati II ki sou Fòm 1095-A ou.

Pati II ap fè IRS konnen mwa moun ki idantifye yo gen pwoteksyon nan asirans sante a epi poutèt sa moun sa yo satisfè dispozisyon responsablite komen endividyèl.

Si gen plis pase 5 moun ki gen pwoteksyon nan yon kontra asirans, w ap resevwa youn oswa plis Fòm 1095-A siplemantè k ap kontinye Pati II.

Pati III. Enfòmasyon sou moun nan kay la, liy 21–33. Pati III rapòte enfòmasyon sou pwoteksyon asirans ou epi w ap bezwen ranpli Fòm 8962 pou konsilye peman kredi davans oswa pou reklame kredi taks pou prim asirans lè ou ranpli fòm deklarasyon taks sou revni ou.

Kolòn A. Kolòn sa a se kantite lajan prim pa mwa pou kontra asirans ou te antre a.

Kolòn B. Kolòn sa a se kantite lajan prim pa mwa pou dezyèm plan ajan ki mwen chè (SLCSP) Marketplace detèmine ki aplike pou manm fanmi ou ki antre nan pwoteksyon asirans lan. Nou itilize prim pou SLCSP ki anvigè a pou kalkile peman kredi davans ou pa mwa ak kredi taks pou prim ou reklame sou fòm deklarasyon taks sou revni ou. Gade Eksplikasyon yo pou Fòm 8962, Pati 2, Reklamasyon Kredi Taks pou Prim ak Konsilyasyon Peman Kredi Taks Davans sou Prim Asirans pou jwenn eksplikasyon sou fason pou itilize enfòmasyon ki nan kolòn sa a, si pa gen enfòmasyon ki antre.

Kolòn C. Kolòn sa a se kantite lajan peman kredi davans pa mwa ki te fèt ba konpayi asirans ou sou non ou pou peye pou tout oswa pou yon pati prim asirans lan pou pwoteksyon ou. Nou p ap antre enfòmasyon nan kolòn sa a si pa gen peman kredi davans ki te fèt.

Liy 21–33. Marketplace ap rapòte kantite lajan yo na kolòn A, B, ak C sou liy 21–32 pou chak mwa epi y ap antre total yo sou liy 33. Itilize enfòmasyon sa yo pou ranpli Fòm 8962, liy 11 oswa liy 12–23.